



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2024 KÒM ANE KI PI SOLID POU WOUT RAY METRO-NORTH LA POU PÈFÒMANS ALÈ KI BAT REKÒ**

*Pèfòmans alè ki bat rekò depase 98 pousan, epi li kontinye rete pi wo pase 97 pousan pou senkyèm ane konsekitif*

*Reta diminye a 35 pousan konpare ak 2023, menm ak rekonstriksyon Vyadik Park Avenue an ki sou pye*

*Vil Metro-North yo nan tout ajans lan mete aksan sou sekirite, efikasite, fyabilite ak investisman nan enfrastrikti kòm katalizè pou ane ki bat rekò*

*Gouvènè Hochul pwopoze gwo investisman 25 milyon dola nan sèvis ray Hudson Valley nan kad Bidjè Egzekitif 2026 la; ki konsantre sou akselere tan vwayaj la ak amelyore fyabilite sèvis la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Metro-North Railroad (Wout Ray Metro-North) Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) te gen ane ki pi solid li an 2024, depi lè yo te etabli Metro-North an 1983. Pèfòmans alè wout ray la te rive nan yon nivo maksimòm detoulètan an 2024, li te depase 98 pousan epi sitou make senkyèm ane konsekitif pèfòmans alè a te depase 97 pousan. Sou tout twa liy li yo nan lès Rivyè Hudson, Metro-North te opere plis pase 98 pousan tren li yo alè — pèfòmans alè Liy Hudson lan te 98.7 pousan; Liy Harlem lan te 98.3 pousan epi liy New Haven lan te 98.2 pousan. Gouvènè Hochul angaje l pou amelyore sèvis ak livrezon pasaje yo, se poutèt sa li te pwopoze gwo investisman nan sèvis tren Hudson Valley a epi li te dekri 8 milya dola nan èd Eta opere bay MTA nan Ane Fiskal 2026 la.

"Transpò piblik se yon eleman entegral nan yon vil k ap fonksyone, epi Metro-North se yon egzanp sou fason bay pasaje yon sèvis fyab chak jou ka mennen nan pèfòmans rekò — se sa nou bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen pran angajman pou fè avanse sistèm transpò piblik nou an pou pasaje yo, pou nou bay sèvis eksepsyonèl epi kenbe Nouyòk an mouvman."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber te deklare**, "Pèfòmans Metro-North pou ane 2024 la fikse estanda pou nouvo MTA a - sèvis ki pi rapid, ki pi an sekirite epi ki pi fyab pase anvan. Felisitasyon a tout ekip la paske yo leve nivo a

pandan y ap reyalize pwojè enpòtan ki pral pwoteje sistèm nan pou dè deseni k ap vini yo."

**Prezidan Metro-North Railroad, Catherine Rinaldi, te deklare,** "Mwen tèlman fyè de travay enkwayab tout moun nan Metro-North fè pou kenbe tren yo an mouvman chak jou nan semèn nan. Transpò piblik se fason ki pi bon, ki pi an sekirite ak ki pi vèt pou vwayaje nan rejyon an epi lè moun konnen yo ka monte nan yon tren pwòp, konfòtab ki mennen yo nan destinasyon yo alè, y ap kontinye retounen."

### **Investi nan sèvis ray Hudson Valley a**

Nan kad diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze yon gwo investisman nan sèvis wout ray Hudson Valley k ap ogmante kapasite, diminye reta, amelyore sekirite epi redwi tan trajè potansyèl yo jiska 15 minit nan chak sans pou sèten trajè. Pwopozisyon sa a ta tou redui vwayaj "trè rapid" (super-express) Liy Metro-North Hudson lan nan mwens pase 90 minit. Gouvènè Hochul te dekri tou 25 milyon dola nan Bidjè Egzekitif 2026 la — pwopozisyon an gen ladan planifikasyon, evalyasyon ak konsepsyon yon ansanm amelyorasyon enfrastrikti fewovye ant Vil Nouyòk ak Poughkeepsie, ki gen ladan pwojè tankou yon dezyèm wout nan Spuyten Duyvil, anklanchman, siyalizasyon epi travay sou wout nan Croton Harmon, epi amelyore kapasite Poughkeepsie Yard.

Anons jodi a baze sou gwo investisman fewovye rejyonal ke yo te priorize pandan manda Gouvènè Hochul la, ki gen ladan livrezon Twazyèm Pis LIRR la ak ouvèti istorik Grand Central Madison, ki te ouvri nouvo posibilite depasman sou LIRR, epi amelyore koneksyon rejyonal Nouyòk, ak ogmante sèvis yo nan 40 pousan.

### **Rekò pasaje yo**

Metro-North te wè pasaje kontinye rekiperasyon solid apre COVID la ak yon ogmantasyon 12.1 pousan soti pa rapò ak ane 2023 (60,141,495) rive an 2024 (67,389,907). Oktòb se mwa ki gen kantite pasaje ki gen plis siksè nan epòk apre pandemi an ak 6,548,501 pasaje — yon ogmantasyon 16.2 pousan pa rapò ak mwa oktòb 2023 (5,637,482).

#### **Top 5 jou lasemèn pou kantite pasaje an 2024 — Lès Hudson**

Madi	29/10/2024	249,585	Pi gwo kantite pasaje depi pandemi an
Madi	15/10/2024	249,266	2è jou lasemèn ki pi wo
Mèkredi	30/10/2024	246,035	3è jou lasemèn ki pi wo
Mèkredi	27/11/2024	243,529	4è jou lasemèn ki pi wo
Madi	18/06/2024	242,116	5è jou lasemèn ki pi wo

#### **Pi gwo kantite pasaje nan samdi ak dimanch an 2024**

Samdi	14/12/2024	159,083
Dimanch	03/11/2024	123,028

### **Pwojè sèvis ak ekspansyon**

Chif rekò pèfòmans sèvis yo te reyalize an 2024 te reyalize menm lè MTA Construction and Development te sipèvizè ranplasman plizyè seksyon nan Vyadik Park Avenue an — estrikti an asye ki wo ki mezire 3 km (2 mil) nan longè ki mennen kat vwa fewovye Metro-North Railroad ant 97th Street ak pon levan Harlem River, epi li sèvi tout tren Metro-North k ap vwayaje antre ak soti nan Grand Central Terminal, sa ki totalize 750 tren chak jou lasemèn.

Pwojè Aksè ak Metro-North Penn Station la kontinye ap avanse ak pwogrè ki fiks. Aktivite demolisyon ak konstriksyon yo ap fèt nan kat sit pwojè a, ki gen ladan konstriksyon de nouvo trave sou Pon Bronxdale Avenue nan Parkchester. Ekip yo ap teste siyal nan echanjè ki toupre Hunts Point, epi y ap avanse ak fondasyon antre estasyon yo nan chak nan kat nouvo estasyon pwojè a: Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park ak Co-op City.

Lè yo fini, kliyan Metro-North yo pral jwi yon vwayaj san transfè ant Penn Station, Westchester ak Connecticut ak kat nouvo estasyon ki konplètman aksesib nan Bronx, ak rediksyon enpòtan nan tan vwayaj ant Bronx ak Manhattan.

An 2024 tou, MTA te fè twa estasyon sou Liy Harlem la aksesib konplètman pou tout moun dapre Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo: Scarsdale, Hartsdale ak Purdy. Bati sou siksè sa a, MTA ap avanse kounye a ak amelyorasyon aksè nan twa estasyon Metro-North ki sitiye nan Bronx. Yo pral enstale platfòm estasyon ki totalman nouvo, ekipman, ak de nouvo asansè nan Pon Williams lan ak Woodlawn. Yo pral reyabilite estasyon Botanical Garden, epi yo pral amelyore asansè estasyon yo.

## **Rezistans**

Youn nan pi gwo defi pou fyabilite sèvis Metro-North la se vilnerabilite li fas ak tanpèt chanjman klimatik yo te lakòz. Wout ray la sansib fas ak move tan nan tout kote nan sistèm nan, epi an 2024, ekip yo te abòde kèk nan pi gwo domèn enkyetid yo. Nan Garrison, kote pis yo sou Rivyè Hudson yo sijè a inondasyon, ekip la te monte pis la plis pase 51 cm (20 pous) soti nan pwen ki pi ba li a.

Depi lè travay la te fini, Metro-North pa gen okenn reta nan tren nan inondasyon nan zòn sa a. Yon lòt zòn pwoblèm pou inondasyon te sou Liy Upper Harlem lan. Ekip yote monte yon pòs siyalizasyon plis pase 1.2 m (4 pye), elve sikwi enpòtan yo soti nan wout domaj, lè l sèvi avèk sèlman materyèl resikle ki minimize pri a ak enpak sou anviwònman an. Pou pi devan, tout pòs siyalizasyon yo pral kounye a omwen 1.2 m anwo tè a.

## **Amelyorasyon vitès nan Liy New Haven lan**

MTA te konplete amelyorasyon enfracstrikti sou Liy New Haven lan, sa ki te kreye non sèlman sèvis ki an sekirite ak fyab, men tou sèvis pi rapid. Ekip yo modènize ak amelyore sistèm siyalizasyon yo, pandan ke zouti entegre similation rezo ak tren pèmèt wout ray la optimize wout tren yo.

Tout tan pakou maksimòm liy New Haven yo te redwi pa omwen yon minit ak tan pakou ki pi rapid ki soti nan New Haven rive nan GCT ki diminye a 90 minit.

### **Sekirite pandan tan transpò a**

Metro-North se yon fason ki an sekirite ak fyab pou vwayaje rejyon an, ak pousantaj aksidan yo rapòte pou tou de kliyan ak anplwaye ki pi ba an 2024.

Konparezon sa yo se pou ane sivil 2024 la, konpare ak ane sivil 2023:

To blesi kliyan yo deklare — pou chak milyon kliyan: Diminye 31.5 pousan soti nan 2.00 a 1.37.

To blesi avèk arè travay yo deklare — pou chak 200,000 èdtan travay: Diminye 17 pousan soti nan 1.94 a 1.61.

Ankèt sou Kilti Sekirite Anplwaye a te pèmèt ajans lan resevwa opinyon nan men anplwaye yo ki te mennen nan aplikasyon Jounen Angajman Anplwaye Mansyèl yo kote manadjè yo ale sou teren an pou yo angaje ak anplwaye yo, pou plis ouvri liy kominikasyon yo. Wout ray la kontinye ranfòse patenarya li ak sendika travayè li yo epi ankouraje patisipasyon nan Sistèm Rapò Aksidan Iminan (Close Call Reporting System, C3RS).

### **Enfòmasyon sou Metro-North Railroad MTA**

Metro-North Railroad MTA bay 700 tren pa jou lasemèn nan 124 estasyon nan Hudson Valley, Vil Nouyòk ak sidwès Connecticut, k ap fonksyone ak pèfòmans alè ki plis pase 98 pousan an 2024 ak 12.5 pousan transpò pasaje tout ane a ki depase kantite pasaje ki anrejistre yo an 2023.

Nan mwa novanm 2024, Metro-North te genyen youn nan pi bon mwa istorik li ak yon total 5.7 milyon pasaje — yon ogmantasyon de 4.8 pousan pa rapò ak novanm 2023. Anplis de sa, nan novanm 2024, Metro-North te anrejistre pi bon to pèfòmans alè depi kòmansman ane a nan istwa fewovye, avèk 98.3 pousan nan tout sistèm nan, pandan ke pèfòmans alè (On-time Performance, OTP) pou novanm 2023 te 97.9 pousan. To sèvis yo bay nan Metro-North, yon mezi fyabilite sèvis la, pou oktòb 2024 la ki 99.9 pousan. Kantite an mwayèn Metro-North se 200,087 pasaje nan jou lasemèn nan novanm 2024 ki reprezante 81.4 pousan nivo avan COVID nan novanm 2019, ki reflekte kantite transpò pasaje solid pou retounen nan travay — ak transpò pasaje nan wikenn an mwayèn ki se 122,6637 [sic], ki se 94.2 pousan nivo anvan COVID yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)